

Preparasyon pou prelevman echantiyon

- Se pou w li tout enstriksyon yo anvan w kòmanse tès la.
- Li pa nesèsè pou w evite manje epi evite pran medikaman.
- Manje fwi ak legim kapab ogmante egzantid tès la.
- Tcheke lis « Kisa ki nan twous la » la pou asire ou gen tout sa dwe ladan l.
- Si w gen yon pwodwi netwayaj oubyen likid ble nan tank oubyen bòl watè ijènki ou a, tanpri retire yo epi flòch watè ijènki la de fwa.

Avètisman ak prekosyon

Gen kèk bagay ki gendwa lakòz yon move rezilta ; ou pa fèt pou w fè tès la si :

- Dat ekspirasyon ki make sou kat tès la fin pase.
- Twous prelevman an domaje, sal oubyen li parèt pou l modifye nan nenpòt ki jan.
- Ou gen emowoyid k ap senyen.
- Ou gen san nan pipi w, oubyen ou wè san nan bòl watè ijènki la. Nan sityasyon sa a, se pou w kominike avèk doktè k ap swiv ou a.
- Se twa jou anvan, pandan oubyen twa jou apre ou gen règ ou.
- Ou gen nenpòt blesi sou men w k ap bay san.
- Dlo ki nan bòl watè ijènki ou a se yon dlo sale oubyen wouye.

Objektif ki prevwa

Tès InSure® ONE™ lan wè si w gen okenn san kache nan pou pou w. Prezans san an gendwa yon siy twoub gastrik-entestinal nan pati enferyè entesten ou yo ki bezwen tretman. Ou pran echantiyon an anprive lakay ou epi tès la analize swa nan laboratwa swa biwo pwofesyonèl medikal. Tès InSure® ONE™ lan itilize senpleman pou dyagnostik *in vitro*.

Aparèy medikal IVD

Tès InSure® ONE™ lan kofòm avèk Direktiv aparèy medikal 98/79/EC (IVD Medical Device Directive 98/79/EC) e li gen mak CE a.

Metodoloji

Tès InSure® ONE™ lan sèvi pou wè si pati enferyè entesten w ap senyen. Maladi kolorektal, tankou polip ak kolit, fwiye ti kantite san nan pati enferyè entesten an. Si nan pou pou w gen san kache ladan l, alò san kache a pase nan pou pou a epi ale nan dlo bòl watè ijènki la. Twous InSure® ONE™ lan gen tou sa ki nesèsè pou w pran de echantiyon dlo nan bòl watè ijènki la nan **yon** pou pou pou kapab fè tès pou wè si gen san nan echantiyon w lan. Prelevman an se yon bagay ki senp, pa gen pou manyen pou pou a e li fèt an prive nan twalèt lakay ou a.

Konpozisyon

Pa gen engredyan reyaktif nan twous tès la.

Kisa ki nan twous la

- Enstriksyon pou itilizasyon
- Kat tès la
- Twous bwòs la gen de bwòs ak de sache dechè
- Anvlòp pou voye tès la ale
- Fòmilè pou reponn avèk etikèt

Ekstokaj ak manipilasyon

Se pou kat tès la estoke nan tanperati anbyant. Pwoteje l pou l pa nan chalè ak nan limyè dirèk solèy. Sèvi avèk twous la anvan dat ekspirasyon ki make sou kat tès la rive.

Limit ki gen nan pwosedi a

Tès sa a wè si gen san imen nan pou pou w. Gen plizyè pwoblèm gastrik-entestinal ki gendwa lakòz ou gen san nan pou pou w. Si w gen yon tès ki « pozitif », l ap nesèsè pou w fè plis tès ak evalyasyon avèk yon medsen.

Tès sa pa ranplase egzamen fizik òdinè ak egzamen rektal medsen k ap swiv ou a fè. Yon tès ki gen rezilta « negatif » vle di pa gen san imen nan echantiyon ou an. Sepandan lezyon kolorektal, tankou kèk polip ak kansè kolorektal, gendwa senyen alevini, oubyen pa menm senyen ditou. Lè fini, san gendwa pa distribye avèk inifòmite nan oubyen sou pou pou w kifè rezilta tès la gendwa negatif menm lè gen san oubyen yon maladi gastrik-entestinal nan pati enferyè entesten w.

Senbòl ki sèvi



Reprezantan otorize kominote ewopeyèn lan



Atansyon SVP, li enstriksyon itilizasyon yo



Kòd batch



Fabrikan



Itilize opita (Ane Mwa Jou)



Anparèy medikal pou dyagnostik *in vitro*



Limit nan tanperati



Danje byolojik



Pinga resèvi ak li



Pwodwi sa a gen kouvèti youn oubyen plis brevè.



Mak CE



Mete lwen chalè



Kontni



Pa dwe itilize andedan kò a Mete li kote timoun pa ka jwenn li



Enterix Inc., A Clinical Genomics Inc. Company
236 Fernwood Ave., Edison NJ 08837 USA



mdi Europa GmbH
Langenhagener Straße 71
D-30855 Langenhagen
Germany




Gen ase pou fè (n) tès

Se pou w li tout enstriksyon yo anvan ou kòmanse tès la.




1^e ETAP

- Ale nan twalèt la avèk enstriksyon sa yo, twous bwòs la, epi kat tès la.
- Flòch watè ijènik la **ANVAN** ou kòmanse pou pou.




2^{yèm} ETAP

- Apre ou pou pou, **PINGA METE NAN BÒL WATÈ IJÈNIK LA PAPYE TWALÈT KI SÈVI**. Men, mete li nan youn nan sache ble pou dechè ki founi ba ou.
- **PINGA OU FLÒCH** watè ijènik la apre ou pou pou.



3^{yèm} ETAP

- Sou kat tès la, souleve bouk ki make « **SOULVE LA POU ECHANTIYON AN** » pou w sa dekouvri ti bwat blan yo ki nimewote « 1 » ak « 2 ».




4^{yèm} ETAP

- **Avèk youn nan bwòs ble yo, toudousman bwose sifus pou pou a pou apeprè 5 segonn.**
- Si pou pou a mou, senpleman brase dlo ki toutotou pou pou a.
- Wete bwòs la nan dlo a epi toudousman souke li ankò pou w wete tout dlo siplemantè ak tout kras ki sou pou pou a.



5^{yèm} ETAP

- Fè transfè yon echantiyon **DLO SÈLMAN** nan tanponnen lejèman plim bwòs la sou ti bwat blan kat tès la ki nimewote « 1 » epi fè sa pandan apeprè 5 segonn (gendwa vin gen tach sou bwat la).
- Jete bwòs ki sèvi a nan youn nan sache ble pou dechè a epi jete sache a.




6^{yèm} ETAP

- Sèvi avèk dezyèm bwòs ble a, refè 4^{yèm} etap la epi fè transfè yon dezyèm echantiyon **DLO** sou kat tès la kote ou tanponnen lejèman plim bwòs la sou ti bwat blan an ki nimewote « 2 » epi fè sa pandan apeprè 5 segonn.
- Jete bwòs ki sèvi a nan lòt sache ble pou dechè a epi jete l nan fatra lakay ou a.




7^{yèm} ETAP

- Sou etikèt ki ka sòti a, **ekri, avèk gwo lèt, non w, dat nesans ou, ak dat ou fè prelevman echantiyon an.**
- **SONJE POU W METE DAT OU FÈ PRELÈVMAN AN.**
- Wete etikèt la epi sèvi avèk li pou w refèmen bouk la, epi asire ou mete etikèt la andedan liy pwenntiye a.



8^{yèm} ETAP

- Fin ranpli fòmilè repons lan.
- Mete kat tès la ak fòmilè repons lan nan anvlòp tenbre ki vin avèk tès la.
- Si pwofesyonèl medikal la oubyen laboratwa a ba w yon demann tès ki gentan enprime, se pou w mete demann sa a tou andedan anvlòp w ap voye tounen an.



9^{yèm} ETAP

- Voye imedyatman pa lapòs US Mail avèk anvlòp ki founi pou sa a.
- Kat tès la dwe egzamine nan laboratwa sou 14 jou apre ou fè prelevman an.
- Se pwofesyonèl medikal k ap swiv ou a ki va ba ou rezilta tès la.